



1414 Kuhl Ave.
Orlando, Florida 32806
321.843.7000

EMAN ORLANDO HEALTH

ID Gwoup:	1001	Tit:	Règleman Asistans Finansye
---------------------	-------------	-------------	-----------------------------------

Ranplase Règleman #:	5706-0504	Premye Dat Antre Anvigè:	1 ^{mye} Oktòb 2016
Ki kalite Règleman:	Jesyon Revni	Dat Revizyon(yo):	
Kategori:	Jesyon Revni		
Distribisyon:	Piblik		
Devlope pa:	Konsèy Administrasyon Orlando Health		
Apwouve pa:	Michele Napier, Chèf Direksyon Revni		

I. RÈGLEMAN:

Orlando Health gen yon estrateji pou tabli pwosesis Asistans Finansye ki pran responsablite egalego nan lide pou bay sèvis swen sante a manm nan kominote a ki pa gen mwayen pou peye pou tretman dijans oswa pou tretman ki nesèsè sou plan medikal. Pwogram Asistans Finansye Orlando Health la reponn nan fason pozitif a bezwen kominote a, kèlkanswa laj, sèks, relijyon, andikap, ras ak gwoup etnik.

A. Obligasyon

1. Orlando Health repekte seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) ki egzije pou òganizasyon lopital yo tabli yon règleman asistans finansye alekri. Yon òganizasyon lopital se yon òganizasyon yo rekonèt (oswa k ap chèche pou yo rekonèt li) jan sa dekri nan seksyon 501(c)(3), k ap opere yonn oswa plizyè etablisman lopital.
2. Konsèy Administrasyon oswa yon lòt òganis direksyon lopital ki gen egzansyon pou taks la dwe apwouve règleman sa a.
3. Tout doktè ki anplwaye nan Orlando Health yo dwe swiv Règleman Asistans Finansye Orlando Health la (FAP, Financial Assistance Policy). Founisè swen ki sou Kontra, founisè Kominotè/Prive pa oblije patisipe nan pwogram asistans finansye Orlando Health la. Yon mete sou sit entènèt Orlando Health la yon lis doktè ki anplwaye nan Orlando Health. Anplisdesa, ou ka jwenn sou sit entènèt nou an yon lis ki gen tout founisè ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal nan etablisman lopital yo, oswa y ap fè w jwenn lis la gratis si w mande. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
4. FAP ak aplikasyon Orlando Health la disponib fasilman pou pasyan, vizitè ak manm kominote a ke nou sèvi yo. Y ap mete aladispozisyon yo kopi sou papye pou FAP, tiliv Resous Finansye pou Pasyan an, ak Rezime nan Langaj Klè a si yo fè demann lan pa lapòs, nan anplasman biwo dafè admisyon ak ijans yo, menm jan ak sou sit entènèt Orlando Health la tou san okenn frè. Yo pral fè Rezime nan Langaj Klè a ak tiliv la disponib nan zòn piblik yo nan lopital yo. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
5. Y ap ofri pasyan yo yon kopi dokiman FAP a ak Rezime nan Langaj Klè a sou papye lè y ap entènen oswa nan egzayat.
6. FAP a disponib ann Anglè ak nan lang prensipal rezidan ki reprezante pi piti pase 5% nan kominote nou sèvi a osinon 1,000 moun pa lopital nou yo. Orlando Health pral fè yon analiz chak ane sou lang ki parèt nan kominote nou an. Ou ka jwenn tradiksyon FAP a,



ID
Gwoup:

1001

Tit: Règleman Asistans Finansye

Rezime nan Langaj Klè a, ak tiliv la nan lyen dokiman sipò yo ki disponib nan fen règleman sa a.

7. Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed): Yon fè yon kalkil grasa yon metòd egzamen ki fèbak pou gade reklamasyon sou 12 mwa pou swen ijans ak lòt swen ki nesèsè sou plan medikal ke Medicare ak lòt konpayi asirans sante yo otorize, epi apresya yo kalkile yon pousantaj rabè an mwayèn. % AGB egal a sòm tout peman admisib pandan peryòd 12 mwa anvan an divize pa sòm tout chaj brit reklamasyon sa yo pandan peryòd 12 mwa anvan. Chaj brit yo se pri konplè yon etablisman lopital fikse pou swen medikal ke etablisman lopital la chaje sistematikman tout pasyan egzakteman menm jan anvan yo aplike kenpòt ajisteman kontra asirans, rabè oswa dediksyon. Yo pa gendwa chaje yon Pasyan/Moun ki bay garanti ki kalifye pou FAP plis pase AGB a pou ijans oswa lòt swen nesèsè sou plan medikal. Kòm lopital ansèyman prive, ki pa la pou fè pwofi, Orlando Health founi swen sante konplè pou rezidan ak vizitè zòn Santral Florida. Yo founi sèvis pou tout moun san distenksyon kèlkanswa laj, sèks, relijyon, andikap, ras ak gwoup etnik.
 8. Annakò ak Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay (EMTALA, Emergency Medical Treatment and Labor Act), yo pa pral refize moun tretman lè yo soufri yon ijans medikal reyèlman, kèlkanswa kapasite yo gen pou peye. Orlando Health pa pral fè mannèv ki dekouraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzanp mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki anpeche founi swen medikal pou ijans san diskriminasyon. Doktè k ap fè tretman an pral deside pwoblèm ijans yon pasyan baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
 9. Doktè k ap fè tretman an pral deside swen ki nesèsè sou plan medikal baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
 10. Pou tout pwosedi yo chwazi fè ak sa ki planifye yo, Orlando Health gendwa sèvi ak dwa li genyen pou ranvwaye sèvis pou Pasyan/Ajan ki pa vle peye tout responsablite finansye yo genyen oswa ki pa vle angaje yo pou yon plan peman ki rezonab. Yon Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal se yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon swen sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.
- B. Gid Federal sou Povrete**
1. Montan minimòm yo fikse pou revni anvan taks ke yon fanmi bezwen pou manje, rad, transpò, lojman ak lòt nesèsite. Otazini se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ki kalkile nivo a.
 2. Chak ane, gouvènman federal la tabli giv revni ki povrete pou ane a epi li pibliye yo nan Rejis Federal. Pwogram asistans finansye Orlando Health la sèvi ak gid sa yo lè y ap deside kalifikasyon pou swen gratis. Yo pral sèvi ak gid ki pi resan an lè y ap seleksyone pasyan pou swen gratis. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
 3. Moun oswa kay ki nan 200% Nivo Povrete Federal oswa ki pi ba (FPL, Federal Poverty Guidelines) ap kalifye pou Asistans Finansye pou tout responsablite finansye yo.



ID
Gwoup:

1001

Tit: Règleman Asistans Finansye

4. Dapre sa ki prevwa nan 501(r), Orlando Health oblije mete limit nan chaj yo pou pasyan ke yo jwenn ki kalifye pou asistans finansye.
- C. Kalifikasyon
1. Pasyan/Moun ki bay garanti (moun k ap resevwa swen yo ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an) ki vle pou yo konsidere posiblite asistans finansye pou yo, yo oblije fè pwosesis aplikasyon an epi bay enfòmasyon sa yo:
 - a. Tout non legal
 - b. Revni kay la pou peryòd 12 mwa anvan an
 - c. Kantite moun ki nan kay la
 - d. Fòm enkòm taks oswa lòt fòm konfimasyon revni, tankou fòm W2, dokiman IRS 1099, souch chèk, ak etadkont labank
 - e. Sètifikasyon siyati sou Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFSA, Guarantor Financial Statement Application).
 - f. Ou ka jwenn yon lyen elektwonik pou aplikasyon an nan dokiman sipò yo nan fen règleman sa a.
 2. Yo pral ofri asistans finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti, ki ranpli kondisyon pou kalifikasyon e ki abite nan zòn jeyografik Orlando Health bay sèvis.
 3. Sitwayen Ameriken ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN, Social Security Number) valab ki abite deyò zòn jeyografik kote Orlando Health bay sèvis ak pasyan etranje ki otorize legalman ki te resevwa nimewo ID leta pou Taks (TIN, Tax ID Number), moun sa yo kalifye pou yo konsidere posiblite asistans pou yo. Yo dwe bay dokiman pou jistifye konsiderasyon an epi apwobasyon ap fèt apa pou chak ka.
 4. Y ap anvizaje posiblite swen gratis pou moun ki respekte kondisyon ki mansyonnen nan FAP sa a. Moun ki pa respekte kondisyon FAP sa a, yo gendwa konsidere yo pa kalifye. Anplis ke yo dwe ranpli lòt kondisyon ki dekri nan règleman sa a, Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bagay sa yo:
 - a. Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bay tout enfòmasyon ki soti lòt kote tankou enfòmasyon Veyikil amotè oswa lòt enfòmasyon aksidan, demann pou Kowòdinasyon Benefis (COB, Coordination of Benefits), oswa lòt enfòmasyon ki nesèsè pou deside sou reklamasyon, elatriye
 - b. Pasyan/Moun ki bay garanti ke yo jwenn ki gen bagay ki fè yo kalifye pou Medicaid dwe kolabore avèk pwosesis Medicaid ki annatant. Pou resevwa asistans finansye nan swen sante, pasyan an dwe aplike pou asistans Medicaid epi li jwenn refi pou nenpòt lòt rezon apade sa ki annapre la yo:
 - 1) Pa te aplike.
 - 2) Pa te fin fè tout pwosesis aplikasyon an.
 - 3) Pa te bay verifikasyon ke yo mande.
 5. Yo ka refize Asistans Finansye a si gen ase dout ki fè kwè aplikasyon an pa kòrèk. Si Pasyan/Moun ki bay garanti a bay dokiman ki nesèsè yo ak enfòmasyon yo mande pou fè eklèsisman sou enfòmasyon yo, yo ka rekonsidere aplikasyon an. Yo pral egzaminen epi okipe de chak ka apa nan posiblite pou rekonsidere a.
 6. Yo sipoze pasyan kalifye pou asistans finansye dapre sikonstans espesyal, pa egzann pasyan egzayate ke yo voye nan yon etablisman swen enfimye kalifye, pasyan ki mouri ki pa gen byen ak pasyan ki sanzabri ofisyèlman. Y ap bay 100% asistans



ID
Gwoup:

1001

Tit: Règleman Asistans Finansye

finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti yo jwenn ki gen rezon ki anfavè kalifikasyon pou asistans finansye.

7. Pou ede jwenn si wi ou non yon pasyan sanble pwouve li kalifye pou asistans finansye, Orlando Health ka sèvi ak resous pou sipozisyon kalifikasyon pou asistans finansye (pa egzanp teknoloji, òganizasyon ki bay sèvis).
8. Orlando Health ka sèvi ak mwayen elektwonik, pa egzanp enfòmasyon biwo kredi, pou verifye si wi ou non yon Pasyan/Moun ki bay garanti pa gen kapasite pou peye.

D. Pwosesis Aplikasyon

1. Pasyan ka resevwa èd pou pwosesis aplikasyon an avèk metòd ki annapre la yo:
 - a. Konseye Finansye yo disponib nan anplasman biwo dafè Orlando Health yo epi yo pral ede pasyan yo ranpli fòm aplikasyon an, anvan yo entènè, pandan yo entènè ak apre yo te entènè lopital.
 - b. Reprezantan Kontablite Pasyan yo disponib Lendi – Vandredi, 8:30 am – 4:30 pm nan 3090 Caruso Court, Suite 20, Orlando, Florida, 32806. Ou ka jwenn yo pa telefòn nan 407.650.3800 oswa 800.424.6998, oswa pa imèl nan: FinancialAssistance@orlandohealth.com.
2. Pou pasyan yo bay sèvis nan Health Central, kontakte biwo dafè (business office) lopital la dirèkteman nan 407.296.1180 oswa ale nan <http://www.healthcentral.org/patients-and-visitors/billing-insurance/>
3. Pasyan kapab aplike pou Asistans Finansye nan fason sa yo:
 - a. Ranpli ak soumèt yon Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFSA, Guarantor Financial Statement Application) ba Orlando Health pou evalyasyon.
 - b. Pandan pasyan an entènè lopital, reprezantan yo disponib pou ofri asistans pou ranpli GFSA.
 - c. Mande GFSA a alekri oswa jwenn li sou sit entènèt Orlando Health la oswa ale an pèsòn nan yon etablisman Orlando Health.
 - d. Yo ka mande pou Pasyan/Moun ki bay garanti yo bay kopi fòm enkòm taks si sa nesesè.
 - e. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

E. Desizyon

1. Pou jwenn plis detay konsilte Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan Orlando Health (Peye Limenm) ki disponib nan lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
2. Orlando Health pral egzaminen aplikasyon pou Asistans finansye yo pou wè si yo konplè e kòrèk, pandan "Peryòd Apre Egzeyat ak Peryòd Aplikasyon". Sa se peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou aplikasyon pou Asistans Finansye ke Pasyan/Moun ki bay garanti soumèt. Peryòd sa a fini apre 240^{yem} jou apre premye etadkont pasyan apre egzeyat. Reprezantan Kontablite Pasyan yo pral egzaminen pou fè sa ki annapre la yo:
 - a. Konfime enfòmasyon sou revni ak depans kay la.
 - 1) Revni fanmi an, ankontan men se pa sa sèlman, salè, benefis sekirite sosyal, benefis grèv, benefis chomaj, sipò timoun, eritaj, pansyon alimantè, revni mari/madanm, benefis Konpansasyon Travayè, benefis pansyon andikap, dividann investisman, ak enterè. Pasyan/Moun ki bay garanti a dwe mete tou revni total anvan taks pou tout manm fanmi k ap travay nan kay la ankontan moun ki poko gen laj 18 an.



1414 Kuhl Ave.
Orlando, Florida 32806
321.843.7000

EMAN ORLANDO HEALTH

ID
Gwoup:

1001

Tit: **Règleman Asistans Finansye**

- 2) Moun nan kay la gen ladan pasyan, mari/madanm, ak timoun natirèl oswa adoptif ki poko gen laj 18 an. Si yon depandan andikape epi li gen plis pase 18 an, li antre nan gwosè fanmi an.
- b. Si aplikasyon an pa konplè:
 - 1) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesèsè pou fin fè tout aplikasyon pou Asistans Finansye a.
 - 2) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri omwen ki kominike pwosesis koleksyon y ap tanmen si yo pa peye reklamasyon an(yo).
- c. Ekip jesyon Kontablite Pasyan ap baze sou kritè annapre la yo pou apwouve aplikasyon an:
 - 1) Si enfòmasyon revni anyèl, depans ak dokiman sipò kay la ki konfime montre yon revni ki nan 200% Nivo Povrete Federal ki pi resan an pou gwosè fanmi yo bay la, kont lan(yo) ap kalifye annantye pou Asistans finansye.
 - 2) Yo pral voye bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon lèt apwobasyon ki gen detay presi.
- d. Si aplikasyon an pran refi, reprezantan Kontablite Pasyan yo pral kontinye nan fason konsa:
 - 1) Y ap fè ase efò pou kontakte li pou voye yon Lèt Refi bay Pasyan/Moun ki bay garanti a.
 - 2) Kontinye ak pwosesis nòmal mouvman koleksyon.
3. Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè yo (ECA, Extraordinary Collection Actions) se mezi Orlando Health ka pran sizoka peman pa fèt epi ou ka jwenn li an detay nan Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm). Sa yo se efò koleksyon ki mande pwosesis legal oswa jidisyè ankontan pwosè, dwa legal sou rezidans, arestasyon, manda arè sivil oswa lòt pwosesis koleksyon menm jan.
 - a. Orlando Health deklare yon Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè kòm yon rapò negatif ba yon ajans rapò kredi onon Pasyan/Moun ki bay garanti a.
 - b. Orlando Health bay tèt li dwa pou vann yon dèt ba yon ajans ekstèn pou chèche rezoud peman.
- F. Esklizyon
Asistans Finansye pa aplike pou:
 - a. Swen ochwa ki pa nesèsè sou plan medikal.
 - b. Pwogram pake pri spesyal tankou kosmetik, baryatrik, elatriye.
 - c. Lòt sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal dapre règleman an.
- G. Mete Piblik la okouran
 1. Orlando Health ap avèti ak enfòmasyon manm kominote li sèvi a sou FAP nan yon fason ki kalkile lojikman pou rive jwenn moun ki gen plis chans bezwen asistans finansye nan men etablisman an.
 2. Orlando Health pral fè enfòmasyon yo disponib nan bon
 - a. aktivite sansibilizasyon kominotè.
 - b. Yo ap fè enfòmasyon yo disponib e rann yo piblik pou vizitè etablisman an nan ansèy dijital ak tiliv sou papyè.
- F. Kouvèti



1414 Kuhl Ave.
Orlando, Florida 32806
321.843.7000

EMAN ORLANDO HEALTH

ID Gwoup:	1001	Tit: Règleman Asistans Finansye
---------------------	-------------	---

Règleman Asistans Finansye a aplike nan lopital apa sa yo andedan Orlando Health:

- a. Orlando Health Orlando Regional Medical Center
- b. Orlando Health Dr. P Phillips Hospital
- c. Orlando Health South Seminole Hospital
- d. Orlando Health Arnold Palmer Hospital
- e. Orlando Health Winnie Palmer Hospital
- f. Orlando Health UF Cancer Center
- g. Orlando Health Health Central Hospital
- h. Orlando Health South Lake Hospital

II. LYEN DOKIMAN SIPÒ YO:

Ou ka sèvi avèk lyen yo ki site anba a pou w ale nan metòd sipò ki gen rapò ak règleman an.

- A. Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm), 1017: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- B. Lis Founisè swen Orlando Health: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- C. Gid Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini pou Nivo Povrete: <http://aspe.hhs.gov/POVERTY/14poverty.cfm>
- D. Aplikasyon pou Asistans Finansye: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- E. Rezime nan Langaj Klè: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- F. Tradiksyon lang etranje: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- G. Dokiman finansye sit entènèt Orlando Health: OrlandoHealth.com/FinancialHelp
- H. Rejis Federal Vol. 79 No. 250: <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2014-12-31/pdf/2014-30525.pdf>